



¿CÓMO SE CONTAGIA?

KIJAN MOUN KAPAB PRAN LI COVID-19 LA?

Viris la transmèt de moun a moun lè gen kontak sere ak yon moun ki deja malad. Pa egzanp, lè wap viv nan menm kay, menm chanm lopital ak yon lòt moun, fè anpil tan ap vwayaje nan menm mwayen transpò a, Oswa wap pran swen yon moun ki malad san pwoteksyon ki apwopriye yo.

Sous kote enfòmasyon sa a soti : <https://www.gob.cl/coronavirus/>

DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA
ARZOBISPADO DE SANTIAGO

¿CUÁLES SON LOS SIGNOS Y SÍNTOMAS? KIJAN SIY AK SENTOM YO YE?

Kijan siy ak sentom yo ye?

Nan anpil de ka sentòm yo prezante:

- Lafyèw piwo ke 37,8° degre
- Touse
- Difikilte pou ou respire (diferan de yon grip)
- Tèt fèmàl
- Gòj fèmàl.

An ka ou gen difikilte pou ou respire, kouri al kay doktè. wi maladi a pa trete a tan, jan de sentòm sa yo kapab mete ou grav. Sentòm yo prezante tou piti de tan zantan yap ogmante.

Sous kote enfòmasyon sa a soti : <https://www.gob.cl/coronavirus/>





¿QUÉ ES EL NUEVO CORONAVIRUS COVID-19?

KISA KI NOUVO KOWONAVIRIS COVID-19 LA?

Nouvo kowonaviris COVID -19 se youn nan orijin sous ki soti nan fanmi kowonaviris ki pat deja idantifye lakay moun yo. Se non sa a OMS (òganizasyon mondyal la sante) akòde avek li. Kowonaviris yo lakòz yon seri de maladi depi nan gripe pou rive nan maladi pi grav yo tankou gwo difikilte respiratwa.

Sous kote enfòmasyon sa a soti : <https://www.gob.cl/coronavirus/>

DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA
ARZOBISPADO DE SANTIAGO



Ou konnen #WhatsappFanm?

Se yon nouvo metòd kominikasyon gouvènman lanse ki pèmèt fanm k'ap souffri vyolans yo kapab rele mande èd, sa fèt san danje ak tout sekirite. Li totalman garanti de 24/7, serel nimewo sa a: **+569 97 00 70 00**

#WhatsappFanm


**DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA
ARZOBISPADO DE SANTIAGO**

Cuarentena Región Metropolitana

Karantèn nan Rejyon Metwopolitèn nan

Madi sa a ki ap 5 Me a apati de 10 zè diswa
komin sa yo pral antre an karantèn:

- Cerrillos
- Quilicura
- Recoleta
- Santiago



Vèt la komin ki antre an karantèn
Jon komin ki kontinye an karantèn

<https://www.minsal.cl/gobierno-anuncia-cuarentena-para-nuevas-comunas-por-covid-19/>

Extiendase vigencia de cédulas para extranjeros.

Pwolonje validite kat idantite pou etranje yo si tout fwa te fè demand pou ou renouvle visa rezidans oswa pèmi pou rezidans pèmanan nan depatman etranje ak migrasyon oswa nan gouvèman pwovens yo.

Kat idantite kap pwolonje validite yo a pral sèvi pou akredite idantite etranje nan teritwa nasyonal la, pral kapab itilize pou mèt li fè delijans, tramite ak jesyon ki mande pou eskpozisyon dokiman sa a.

Pou kat idantite yo ki te espire nan ane 2019 la yo pral valab jiska 31 desanm 2020.

Pou kat idantite ki ap espire diran ane 2020 an yo pral pwolonje validite yo pou yon ane apati de dat espirasyon an..

Pou verifye validite kat idantite pou etranje yo, yo dwe te gentan fè pwosesis demand pou chanjman oubyen pwolongasyon visa rezidans la oswa pèmi pou rezidans pèmanan

Dwe akredite prèv ki koresponn ak sa otorite yo bay.

DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA

¿Cómo se previene el Coronavirus COVID-19? Kijan pou anpeche maladi sa a (kowonaviris COVID-19 la)?


Poutèt se yon maladi de tip respiratwa, Li transmèt de ti gout ki soti nan tous ak lè ou estènen. Men mezi ou ka pran pou anpeche maladi a yo se:

- 1** AgKouvri nen ou ak bouch ou avek yon sèvyèt ou ka jete lè ou estènen oubyen lè ou ap touse oswa ak koud ponyèt ou. (pa janm fè sa ak men ou)regar texto
- 2** Lave men ou souvan avek savon oswa dezenfektan ki gen alkòl pou plis ke 20 segonn.
- 3** Kenbe yon distans pou pi piti yon (1) mètr ant ou menm ak nenpòt moun ki ak touse oubyen estènen.
- 4** Evite pou w pa touche zye ou, nen ou ak bouch ou.
- 5** Pa pataje chalimo, vè oswa kouvè ak lòt moun.
- 6** Evite salye moun nan bay lanmen oswa bo.
- 7** Rete lakay ou si ou ta santi ou pa byen. si ou ta gen fyè, tous ak difikilte pou ou respire, chèche pou jwenn swen medikal.



Sous kote enfòmasyon sa a soti : <https://www.gob.cl/coronavirus/>

¿Qué debo hacer si tengo síntomas de COVID-19? Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen sentòm COVID-19 la?



Si yon moun rantre Chili ki te soti nan peyi etranje oswa ki te nan kontak direk ak yon moun ki enfekte epi ki gen kèk sentòm, ou dwe ale imedyatman nan ijans ki nan sant ki pi prè lakay ou a (Cesfam, lopital oswa klinik). yon fwa ou rive yo pral aktive pwotokòl pou ou fè tès, pou yo ka konfime ou byen detekte si ou gen viris la. Inpòtan: si moun nan gen sentòm yo, li dwe mete yon mask (kachnen) epi eseye evite transpò piblik (tankou tren an nan lè bonè yo) pou pa riske lòt moun yo. Si tès la soti pozitif, yo pral voye l lakay ou pou ka al nan izolman, se pa nan anpil ka ki mande pou gen entèraksyon ak sant sante.

Si moun nan pat ale aletranje, li pa konnen si l' te an kontak ak yon ka ki konfime men li senti li an difikilte pou l respire, li dwe ale nan yon sant epi tou li ta dwe bay anonse sa ki ale byen lwen.

Si moun nan gen sentòm lejè, tankou tous, oswa doulè nan gòj men li pa gen fyè, li rekòmande pou pran swen tèt ou lakay ou.

Sous la: <https://www.gob.cl/coronavirus/>

MIGRAN, TRAVAYÈ YO

BONDYE KONTINYE BENI MEN MIGRAN YO
KI KONSTWI SOSYETE A EPI
RÈY BONDYE A

- BÒN FÈT AK TOUT -

TRAVAYÈ YO

**DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA
ARZOBISPADO DE SANTIAGO**

NUEVAS MEDIDAS SANITARIAS

NOUVO MEZI SANITÈ YO

Li obligatwa pou tout moun itilize kachnen nan transpò swa nan piblik tankou nan prive depi 8 avril nan 5:00 nan maten



DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA
ARZOBISPADO DE SANTIAGO

**¿Quiénes pueden optar al
Bono Covid-19?
Ki moun ki kalifye pou
bonis covid-19 la?**



Benefisyè Sibvansyon Fanmi inik (SUF), el SUF sa yo ki te aplike depi 29 de fevriye. Yo pral Resevwa \$50.000 pesos pou chak ka Sibvansyon Fanmilya.

Fanmi yo ki nan sous sistèm de sekirite ak opòtinite. Moun sa yo dwe enkòpore sous sistèm sekirite nan dat 29 fevriye .yo pral ba yo \$ 50.000 pesos a chak fanmi.




Lojman yo ki nan 60% pi vilnerab, selon rejis sosyal lojman /RSH). Sa yo ki pa gen revni fòmèl pou travay, pou pansyon epi ki pa gen benefis salè familyal. Jan de lojman sa yo te dwe mete yo nan kondisyon 1 avril .yo pral bay \$50.000 pa kay

Nan ka ou fè pati plis ke youn nan gwoup sa yo, bonis la pap adisyone. Egzanp: si yon moun gen yon sibvansyon fanmi (SUF) epi an menm tan li nan sibvansyon sekirite ak opòtinite, pral resevwa bonis COVID-19 ki koresponn gwoup moun ki gen SUF.

Sous la se: <https://www.bonocovid.cl/>

¿Cómo debe ser el aislamiento en la casa? Kijan ou dwe fè izolman nan kay?



Medsen yo dwe voye pasyan kip a grav yo al refè lakay yo, anba kondisyon sa yo:

Enfekte a dwe dòmi nan yon chanm pou kont li. Si l pa kapab, ke l' gen omwen yon mètr de distans ak lòt yo. Chanm nan dwe gen kote pou van pase.

Deplase mwens ke posib nan kay la. Gen pwòp vèsò pou l' manje (tankou vè, chalimo, kouvè, elatriye.) epi piga pataje yo. Yo dwe lave yo ak likid detergente. Pito l' sèvi ak sèvyèt papye epi itilize sèvyèt pèsònèl.

Moun ka okipe malad la dwe mete kachnen epi lave men 'l aprè chak kontak.

an ka ou nan kontak kòporal souvan, ou dwe mete gan ki ka retire jete ak tabliyè plastik. Fatra yo dwe mete nan yon sachè plastik byen fèmen epi jete l'. Twalèt la dwe dezenfekte omwen yon fwa nan jounen an ak klowòs dilye nan dlo (450 cc dlo ak 50 cc klowòs) epi tou dezenfekte tout rad sal ak tout sa ki malad la te utilize, ou dwe mete yo nan sachè plastik e yo pa ta dwe souke. Ou dwe lave yo nan machin 60 -90 °c ak likid detergente nòminal epi byen seche yo.

Tout moun ki rete avèk pasyan an dwe sou kontròl otorite sanitè.

Sous la: <https://www.gob.cl/coronavirus/>

**Ministère sante piblik anose
karantèn, vendredi ki pral
vini an apati 10 zè diswa
nan zòn sa yo:**

CERRO NAVIA

CONCHALI

LA SISTERNA

LA FLORIDA

LA GRANJA

LO ESPOJO

LO PRADO

MACUL

RENCA

PEÑALOLÉN

SAN JOAQUIN

SAN MIGUEL

DEPARTAMENTO DE MOVILIDAD HUMANA

ARZOBISPADO DE SANTIAGO

VIDEOS DEPARTAMENTO MOVILIDAD HUMANA



BONO COVID-19
CREOLE



TIEMPOS DE CONFINAMIENTO
ESPAÑOL



TIEMPOS DE CONFINAMIENTO
CREOLE